

Sant Operasyon Transpò Piblik South Dade

Ranfòse Avni yon Transpò Dirab

Apèsi sou Pwojè a

Depatman Transpò ak Travo Piblik Konte Miami-Dade la (DTPW) ap bati yon Sant Operasyon Transpò Piblik ki chita sou inovasyon, oswa TOC, pou sèvi kòm baz kote yo va fè antretyen pou yon nouvo flòt 100 nouvo otobis elektrik akòdeyon ki mache ak batri. TOC a bay plis sèvis pase yon estasyon rechaj, li pral gen zòn apa ki fèt pou: antretyen, depo pyès, fòmasyon chofè, distribisyon otobis, netwayaj an pwofondè. Nan yon gwo tanpèt oswa yon ijans, TOC a ka sèvi kòm yon Sant Kòmman Dijans pou fonksyonman DTPW. Pami avantaj adisyonèl yo, genyen:



- Yon baz pou yon flòt otobis ki nan South Dade pou amelyore efikasite ak sèvis trajè yo
- Plizyè karakteristik enèji pwòp dirab tankou pyès pano solè pou ranplase konsomasyon enèji nan etablisman an
- Sistèm dlo resikle pou lave otobis yo yon fason ki konsidere anviwònman an
- Ogmantasyon mendèv lokal



TOC rann sit



Rete Enfòmè


Pou plis enfòmasyon, <https://www.miamidade.gov/global/transportation/public-works/south-dade-electric-bus-facility.page>

786-714-2792 | SouthDadeTOC@miamidade.gov | @GoMiamiDade | #SouthDadeTOC



Sant Operasyon Transpò Piblik South Dade

Fèy Enfòmasyon



TOC Kote sit la

Amelyorasyon Kominotè

DTPW pran angajman pou li amelyore enfrakstrikti nan kominote ki nan alantou etablisman an epi pou li entegre pwojè a avèk amoni nan katye a. Pami amelyorasyon yo, genyen:

- Elajisman wout la nan SW 129th Court
- Amelyorasyon enfrakstrikti drenaj
- Enstalasyon twotwa sou Biscayne Drive
- Amenajman peyizaje pou minimize enpak sou bèlte zòn nan
- Plante plis pase 45 espès pyebwa, plant peyi, ak flè sovaj peyi

Kalandriye

Aktivite anvan konstriksyon an va kòmanse nan fen 2023, avèk derasinman ak transplantasyon pyebwa. Pou asire ke bèt sovaj k ap fè nich pa kontrarye, yo va mennen yon etid chòvsourit. Konstriksyon etablisman an va kòmanse nan kòmansman 2024 avèk prediksyon dat finisman an nan ete 2025.

Transplantasyon pyebwa ak etid vi sovaj, fen 2023

Konstriksyon Etablisman an, kòmansman 2024

Finisman, ete 2025

Done Rapid sou TOC a

- **Kote li ye**
SW 127th Avenue ak Biscayne Drive
- **Komisyon Konte Distri 9**
Komisyonè Kionne L. McGhee
- **Pri estimatif konstriksyon an**
\$192 milyon
- **Kòmansman konstriksyon**
Ivè 2024
- **Fen konstriksyon**
Ete 2025

Enpak Konstriksyon an

Rezidan toupre TOC a ak moun ki ap pase nan zòn nan pou ale travay kapab espere aktivite konstriksyon pral fèt pandan lasemèn ak nan wekenn, si sa nesèsè. Ka gen bri ak pousyè nan lè a pandan aktivite konstriksyon yo. Yo va pran mezi rediksyon pou diminye enpak la. Konstriksyon etablisman an va fèt konplètman andedan pwopriyete ak espas wout DTPW san nesèsite pou akizasyon teren. Fènti liy sikilasyon pral nesèsè epi yo va fèt sitou pandan lè gen mwens sikilasyon. Tout antre ak pwen daksè a zòn piblik nan alantou yo pa pral bloke.

